# DIYDAR

***ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASI NÓKIS FILIALI "ULIWMA KÁSIPLIK HÁM SOCIAL GUMANITAR PÁNLER KAFEDRASI"***

*Kórkem ónertanıw qániygeligi*

*2-kurs studenti* ***Muratbaeva Rayxan***

*Ilimiy basshı:* ***Kamalova G. M.***

**Annotaciya:** Bul maqalada Qaraqalpaq xalıqınıń arasında qosıqshı bolıp tanılıp kiyatırǵan jáne bir qosıqshılarımızdıń biri, ájayip hawaz iyesi Xanzada Palwanova haqqında túsinik berip ótiledi.

Tayanısh sózler: Mektep, muzıka, kórik tańlawlar, xalıq qosıqları koncert dástúrleri, mádeniyat kúnleri, ustazlar.

**Аннотация:** В этой статье рассказывается об одной из наших лучших подружек, Ханзаде Палўановой, известной среди каракалпакского народа как подружка.

**Ключевые слова:** Школа, музыка, хореографические танцы, народные ансамбли, концертные инструкции, дневники, Мастера

**Annotation:** In this article, we will tell about one of our comrades-in-arms, Princess Khanzada Paluanova, who is known among the people of Karakalpak as a warrior.

**Keywords:** School, music, choir dances, folk ensembles, concert instruction, public days, teachers.

Qaraqalpaq xalıq qosıqların óziniń xosh hawazı menen atqarıp, xalqımızǵa inam etip dóretiwshilik jolında ayanbay miynet etip kiyatırǵan xalıq súygen qosıqshı Máryash Tájiǵalieva 1965-jılı 11- oktyabrde Qaraqalpaqstan

Respublikasınıń Nókis qalasında dúnyaǵa kelgen. 1972-jılı Nókis qalası XBB ne qarasli Kirov atındaǵı orta mektepke 1-klassqa oqıwg'a baradı. Ol kishkeneliginen qosıq aytıwǵa qattı qızıg'adı. Onıń a'kesi shıpaker al anası bolsa mektepte oqıtıwshı bolıp jumıs islegen.

Biraq ákesi Tashkent qalasında oqıp júrgen waqıtlarında "Aydınlar" ánsamblinde qosıq aytıp xalıq qosıqshıları menen jaqın qarım qatnasta bolǵan, sol sebepten bolsa kerek Máryash Tájiǵalievanıńda qosıq aytıwǵa degen qızıǵıwshılıǵına ákesi sebepshi boladı.

Olar birgelikte u'lgili shan'araq bolıp, 7 perzentti yag'nıy 5 qız, 2 uldı du'nyag'a keltirip, ta'rbiyalap, olardın' ha'mmesin oqıtıp, orta ha'm joqarı mag'lıwmatqa iye qılıp, xalıqqa kerekli insan etip qatarg'a qosqan. Perzentlerin ha'miyshe qollap quwatlag'an. Olardıń hár biriniń qızıǵıwshılıǵı ha'm talantlarına biyparıq bolmag'an. Bunday juwapkershilikli hám miyirman ata-ananıń ekinshi perzenti bolıp dúnyaǵa kelgen Máryash mektepte oqıp júrgen waqıtlarında-aq óz talantı, bilimi, talapshańlıǵı menen qatarınan ayrılıp turdı. Hesh qanday kórik tańlaw hám bayramlar onın' qatnasıwısız ótpedi. Muzıkaǵa degen qızıǵıwshılıǵı sonshelli 5-klasstan baslap Nókis qalası mádeniyat úyiniń estrada bóliminde oqıp basladı. Mádeniyat úyinde oqıp júrip hár túrli kórik tańlawlarda qatnasıp birinshi orın alıwǵa miyassar boldı. Usı jerde oqıp júrip Máryash ustazı menen birgelikte Tashkent qalasında bolıp ótken "Baxıtlı balalıq atamasındaǵı kórik tańlawǵa qatnasıp sıylı I orındı aladı. Mádeniyat úyinde Gúlnára Mónteeva menen birge oqıǵan hár dáyim sol ekewi bir biri menen pikir almasıp kóplegen kórik tańlawlarda birge qatnasıp júrgen.

1982-jılı mekteptıń 10-klasın ayrıqsha bahalar menen tamamlag'an usı jılı Tashkent qalası Ostrovskiy atındaǵı Teatr hám súwretshilik institutınıń akadem vokal bólimine oqıwg'a kiredi. Oqiw da'wirinde umtılıwshańlıǵı, talantı hám qálegen ortalıqqa kirisiwsheńligi menen teńlesleri arasında ayrılıp turdı.

Respublika ko'leminde o'tkerilgen bayramlarda ha'm ko'rik- tan'lawlarda belsene qatnasıp bardı. Máryash Tájiǵalieva bul jerde oqıp júrgen waqıtlarında Asad Azimov, Gúlgina Zakirova sıyaqlı Ózbekistanǵa xızmet kórsetken artistlerden vokal sabaqların úyrene basladı.

1986-jılı institutti da ayrıqsha bahalar menen tamamlag'an. Oqıwın pitkergennen keyin Máryash Tájiǵalieva Jas tamashagóyler teatrında óz jumısın baslaydı. Usı jerde islep júgen waqıtları hár túrli gastrol saparlarında boladı. Sońınan Berdaq atındaǵı filarmoniyada "Qırq qız" ánsambline qosıqshı sıpatında jumısqa shaqırıladı hám ol jerde Máryash Tájiǵalieva óz dóretiwshiligi boyınsha jaqsı nátiyjeler kórsetip ánsambl menen birgelikte Rossiya, Kavkaz, Ukraina, Belarussiya, Moldaviya, Krim, Tatarıstan, Bashkeriya, Pribaltika, Qazaqstan Respublikalarında gastrol saparlarında boladı.

1987-jılı bolsa Máryash Tajiǵalieva janǵa jaǵımlı hawazı menen keń jámiyetshiliktiń itibarına túse baslaydı hám sol waqıtları Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan xalıq artistı Bayram Mátjanov onı "Qırıq qız" estrada ánsambline jumısqa shaqıradı. Jas talant iyesi bul jerde endi jumıs baslawına qaramastan ánsambl menen birgelikte Rossiyanıń Sibir qalasına gastrol saparlarına shıǵıp ol jerde kompozitor Sharapatdin Paxratdinovtıń "Esleter seni" qosıǵı hám rus qosıǵı " Na teplaxode muzıka egraet" qosıqları menen Sibir, Kavkaz sıyaqlı qalalarda gastrol saparlarında boladı.

Máryash Tájiǵalievanıń qosıq aytıwǵa degen qızıǵıwshılıǵı sonshelli ol esh qanday qıyınshılıqlarǵa kúnniń suwıqlıǵına hátteki nawqaslanıp tursada saxnada júrip qosıq aytqan, sol waqıtları bolǵan konsert dástúrlerin saqlap qalıwdıń hesh qanday múmkinshiligi bolmaǵan sebebi ol waqıtları házirgidey sharayat bolmaǵan.

Ol óz repertuarındaǵı Sharapatdın Paxratdinovtıń "Esleter seni", Qurbanbay Záretdinovtıń "Diydar", qaraqalpaq xalıq qosıǵı "Tolqın" sonday- aq Ulbibi Abdullaeva namasına "Ele men", "Sen bolmasań" A. Dospanov namasına

“Jalǵızlıq”, “Gáp kewilde” hám ózbek, rus, qazaq, hám taǵı basqa xalıq qosıqları menen xalqımız arasında keńnen tanılıp keledi.

2016-jılı “Ózbekistan umumiy uyımız” atlı festivalda hayal- qızlar arasındaǵı “Eń yaxshi ovoz sohibasi” nominaciyası boyınsha diplom menen sıylıqlandı. Máryash Tájiǵalieva 2007-jıldan baslap Nókis qániygelestirilgen mádeniyat mektebinde estrada vokal sabaqlarınan oqıwshılarǵa bilim bere baslaydı. Al házirgi kúnde bolsa 2021-jıldan baslap Ózbekistan Mámleketlik Kórkem óner hám mádeniyat institute nókis filialında oqıtıwshı bolıp isleydi. Ol óz miynet jolı dawamında birqansha shákirtler tayarlap kelmekte.